

Limyè Pou Lekòl La

Septanm/Oktob 2010

Travay Bondye Ou Pa Ka Wè

D. R. H.

Li reyèlman enteresan pou reflechi sou kouman Bondye òdone lavi pèp Li san yo pa wè sa. Anpil egzanp nan Bib la ban nou yon apèsi sou travay Bondye. Souvan Li ranje chemen an san moun ki benefisye a pa menm konprann sa.

Balak te deside pou madichonnen Izrayèl, e li te gen lajan ak pouvwa pou fè sa. Li te menm konnen yon pwofèt ki ta anvi bay madichon an si li ta ofri li lajan. Men, Bondye pa t' dakò pou Izrayèl resevwa madichon, e san Izrayèl pa t' menm konnen sa, Bondye te travay pou kraze plan Balak la. Espesyalman lè nou gade tout sa Bondye te fè ak Balaram, pa egzanp : Bondye te refize bay Balaram pèmasyon pou ale kote Balak, konvèsasyon Bondye te genyen ak Balaram pandan ke Balaram te kontinye ap mande pèmasyon, tan ki te pase nan plizyè vwayaj mesaje Balak yo te fè kote Balaram, ak moman dwòl ki te genyen lè Balaram ak bourik li a te kontre ak zanj lan, tout te fè pati plan Bondye pou pwoteje pèp Li, Izrayèl (Nonb 22).

Istwa Jòb se yon lòt egzanp kote Bondye te travay san moun pa ka wè. Li enteresan pou swiv pisans yo ak plan yo ki te mennen sikonstans yo nan lavi Jòb pou teste li. Nou wè tou travay Bondye te fè pou fòtifye e pwoteje li. Satan te fè Jòb pèdi anpil bagay, soufri anpil tristès nan lavi li, e sibi gwo soufrans ak maladi pou detwi konfyans li nan Bondye. Bondye te pèmèt Satan teste Jòb, men Li pa t' kite li depase sa Jòb te kapab sipòte, konsa Bondye te fè soufrans lan fòtifye Jòb e fè lafwa li vin pi fèm.

Danyèl ta kapab mande si Bondye te tande lapriyè li lè pisans mechan yo te reziste mesaje Bondye a diran venteyen jou (Danyèl 10 :2, 12-14). Men, Bondye te reponn lapriyè Danyèl depi premye jou li te fè demann nan, e Li te voye mesaje a kote li. Apre Bondye te voye plis èd, Danyèl te resevwa repons lan.

Plizyè pwomès nan Nouvo Testaman an asire nou ke Bondye gen kontwòl tout bagay e ke L'ap travay san nou pa wè pou byen sila yo ki mete konfyans nan Li e ki obeyi Li. « Tansèlman, nou konn sa byen : nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen 'L, pou byen tout moun Li te fè lide rele » (Women 8 :28). Nou gen asirans tou ke « Tout tantasyon nou jwenn sou chemen nou, se menm kalite tantasyon tout moun


jwenn sou chemen yo tou. Men, Bondye Li menm toujou kenbe pawòl Li : Li p'ap kite yo tante nou yon jan ki depase sa nou ka sipòte. Men, lè nou va anba tantasyon an, L'a ban nou fòs pou nou ka sipòte l', pou nou ka sòti anba li » (1 Korentyen 10 :13).

Nou kapab poze tèt nou yon kesyon. Si tout bagay reyèlman rete sou kont Bondye, poukisa Li pa senpleman retire soufrans ak tantasyon yo ki boulvèse lafwa nou ak byennèt nou ? Poukisa Li pèmèt bagay konsa rive ? Deklarasyon Jòb devan travay Bondye ka fè nou konprann anpati rezon ki fè Bondye travay jan Li travay la. « Men, Bondye konnen tout ti vire tounen mwen. Si Li sonde m', L'a wè m' bon tankou bon lò ki pase nan dife » (Jòb 23 :10).

Premyèman, Jòb te asepte plan Bondye pou eprè yo fè li vin yon pi bon moun. Menm jan Bondye te fè nan lavi Jòb, Bondye konn pèmèt Satan ban nou kèk soufrans kote Satan vle dekouraje oubyen menm detwi nou. Soufrans ak gwo tantasyon ka teste nou, men si nou sipòte eprè la, sa ka grandi konfyans nou nan Bondye pou fè nou vin yon pi bon moun.

Dezyèmman, Jòb te gen konfyans Bondye te konnen li byen e enterese nan byennèt li malgre li pa t' kapab konprann pouki sa li te fè tout esperyans li yo. Nou menm tou, nou kapab konprann ke Bondye ka pèmèt nou sibi tantasyon ak eprè pou ede nou vin pi bon moun, anmenmtan Li konprann feblès nou, e Li kontwole tout bagay nan lavi nou pou ban nou fòs pou rete fidèl. Se ak asirans sa a, nou kapab ankouraje pou rete fidèl, e fè Bondye konfyans ke tout bagay rete sou kont Li menm nan sikonstans yo ki sanble kont nou.

Atik sa a sòti nan *The Timely Truth*, Mar. 2010
Itilize avèk pèmasyon



Mwen Kapab Fè Sa M' Vle...

James K. Nolt

Kèk jou pase mwen te wè yon deklarasyon sou mayo yon moun ki te di : « Mwen kapab fè sa m' vle e anyen p'ap rive m' ». Èske moun nan te mete sa kòm yon blag oubyen èske sa te filozofi lavi li ? Kisa ou panse sou deklarasyon sa a ?

Èske yon moun kapab fè sa li vle san « anyen pa rive l' » ? Wi. Lòm kapab fè anpil bagay san pwoblèm lè sa a se yon bagay ki gen rapò ak otorite lòm. Kèk moun entèlijans e rize anpil. Yo mete lavi lòt moun andanje nan fason yo kondwi machin, poutan yo pa janm pran kontravansyon. Kèk moun ka enfidèl ak madanm yo oubyen mari yo e yo kache peche yo. Gen lòt ki vòlè, y'ap anpile byen e yo pa janm arete yo. Kèk moun rive nan pozisyon otorite e yo fè lwa ki enjis kont tout moun esepite yo menm. Pi mal ankò, atravè istwa, diktatè domine avèk riz e fè lòt moun souffri pou avantaj pèsònèl yo. Moun mechan kenbe lòt moun nan esklavaj e san pitye fòse yo travay. Sa toujou fè m' mal lè m' reflechi sou souffrans kèk moun ki anba men sila yo ki kwè yo ka fè sa yo vle san anyen p'ap rive yo epi ki pa gen krentif ni pou Bondye ni pou lòm.

Kèkfwa gen kèk « bon » moun ki panse sèlman sou otorite ki sou latè. Yo kwè si otorite sou latè pa kenbe yo, yo p'ap peye sa. Sa vle di, yo dakò pou bay manti, kondwi machin yo jan yo vle, triche e fè nenpòt bagay toutotan pèsonn pa kenbe yo. Anpil fwa, move kondwit pa ka dire tout tan. Towouta, otorite yo va finalman kenbe omwens kèk nan moun ki pa respekte lalwa.

Men gen moun yo pa janm kenbe sou tè sa a. Yo byen gade ni devan ni dèyè, ni agoch ni adwat. « Pèsonn p'ap wè, nou kapab fè li ! » Yo fè li vre e pèsonn pa janm kenbe yo nan sa y'ap fè, men yo bliye gade anlè ! « Pa gen kote yon moun ka al kache pou m' pa wè l'. Nou pa konnen Mwen toupatou nan syèl la ak sou latè a ? » (Jeremi 23 :24a). Yo bliye je Bondye ki wè tout bagay e yo bliye ke yon jou yo va rann kont devan Li. Lide sa a te egziste depi nan jaden Edenn lè Èv ak Adan te sanble panse yo te kapab dezobeyi Bondye san sibi konsekans lan.

« Ou se Bondye ki wè m' lan » (Jenèz 16 :13). Bondye wè tout sa nou fè. Sa se yon verite bibliik

fondamantal – si fondamantal e si pwofon, si senp e poutan si pisan pou chanje lavi. « Senyè, Ou sonde m', Ou konnen ki moun mwen ye. Ou konnen lè m' chita, Ou konnen lè m' kanpe. Ou rete byen lwen, Ou konnen tout sa k'ap pase nan tèt mwen. Mwen te mèt ap mache, mwen te mèt kouche, Ou wè m', Ou konnen tout sa m'ap fè » (Sòm 139 :1-3).

Non sèlman Bondye wè tout bagay, men Li se yon Bondye vanjans e jistis tou. Ansyen pwovèb yo toujou vre : « Ou pa kapab fè sa ki mal san ou pa souffri konsekans ». « N'a peye konsekans peche nou an ». « Tout sa ou simen ou va rekòlte ». Nou responsab devan Bondye pou tout sa nou fè. Sila yo ki chape ak sa yo fè nan je lòm p'ap chape nan je Bondye. « Paske Bondye ap jije tout sa n'ap fè, kit yo bon, kit yo pa bon, ata bagay nou fè ankachèt » (Eklezyas 12 :14).

Menm sila yo k'ap sèvi Bondye kapab bliye verite sa a. Moyiz pa t' obeyi lòd Bondye lè li te frape wòch la olye pale ak Li. Senyè a te di li : « Paske nou pa t' fin gen konfyans nèt nan Mwen pou n' te fè moun pèp Izrayèl yo wè jan Mwen se yon Bondye apa, se pa nou menm M'ap kite mennen pèp la antre nan peyi Mwen pwomèt M'ap ba yo a » (Nonb 20 :12b). David te panse li te kapab fè imoralite avèk Batcheba e anyen pa t'ap rive li, « Men sa David te fè a pa t' fè Senyè a plezi menm » (2 Samyèl 11 :27), e Bondye te pini David pou peche li.

Jodi a Satan ta vle nou kwè ke fè yon ti peche pa anyen. Li vle nou kwè tou ke nou mèt kite panse nou travay sou nenpòt bagay san li pa afekte aksyon nou yo. Men, nou pa kapab jwe avèk peche san nou pa peye konsekans li. « Men, lè yon moun anba tantasyon, se pwòp move dezi moun lan k'ap rale l', k'ap pouse li. Konsa, move dezi a travay nan kè li, li fè l' fè peche. Lè peche a fin fèt, li bay lanmò » (Jak 1 :14-15). « Nanpwen anyen ki kache ki p'ap devwale, nanpwen sekrè pou moun pa rive konnen ki p'ap parèt aklè » (Lik 8 :17).

Jezi te vini kòm ti Mouton Bondye a pou sove pechè yo, men lè a va rive lè tout jenou va koube devan Senyè Jezi Kris. Gade Filipyen 2 :9-11. Gason kou fanm nan tout epòk va la –sila yo ki te pwodwi fwi Lespri Bondye e sila yo ki te pratike travay

lachè (« Adiltè, fònikasyon, salte, vis, idolatri, maji, rayiman, kòlè, goumen, revòl, lanvi, touye moun, tafyatè, rebelyon »). Jak 5 :1-5 esplike jijman rich yo ki pran avantaj sou lòt moun. Sila yo ki te sèvi Bondye volontèman sou tè sa a avèk jwa va koube, men sila yo ki te panse yo kapab chape konsekans peche va fòse koube e fè fas ak aksyon yo e konsekans yo. « Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo » (Ebre 9 :27). « Apre sa, mwen wè tout moun ki te mouri yo, gran kou piti, kanpe devan fòtèy la. Yo louvri yon bann liv. Apre sa, yo louvri liv ki gen non moun ki gen lavi yo. Yo jije tout moun mouri yo dapre sa yo te fè, dapre sa ki te ekri nan liv yo » (Revelasyon 20 :12).

Pou genyen liv lavi yon moun louvri se yon freyè si

li te viv nan peche. Men, pou vrè kretyen an, se yon jwa. Li pa vle kache li ; li vle Bondye wè aksyon li. Li vle Bondye kontinye renouvle kè li pou li jwenn jwa nan fè volonte Bondye. Li vize fè sa Jezi te fè : « Mwen toujou fè sa ki fè [Papa] a plezi » (Jan 8 :29). Li vle pou limyè li briye devan lèzòm. Li vle lakòz lòt moun glorifye Papa a ki nan syèl la. Li vle « pote bon fwi ».

Si mwen asepte Jezi Kris kòm Sovè e Senyè mwen e pèmèt Bondye chanje kè mwen ak dezi mwen yo, lè sa a mwen vle fè sa Bondye vle mwen fè. Lè sa a mwen kapab reyèlman fè nenpòt sa mwen vle (paske mwen p'ap vle fè sa ki mal)...e jwenn rekonpans pou li nan lavi sa a e nan letènite.

Atik sa a sòti nan *The Seed of Truth*, May 2010

Konfyans Pwofesè A

David L. Martin

Lè yon pilòt avyon ap vole anwo nyaj yo nan yon nwit nan sezon livè, li responsab pasaje li yo. Èske li janm panse sou ki gwosè responsabilite li genyen ? Petèt li ap mennen yon manman ale jwenn yon pitit fi li ke li pa wè depi anpil lane. Petèt l'ap transpòte de (2) granmoun ki presye pou vennsis pitit pitit, oubyen yon etidyan ki va akonpli yon gran dekouvèt medikal nan lane k'ap vini yo, oubyen yon timoun k'ap vwayaje sèl sòti kay papa li pou ale kay manman li. Anreyalite, ou pa ta kapab esplike valè okenn nan pasaje yo, menm si lavi moun yo sanble òdinè.

Men, pèsonn nan avyon an pa sanble wè gwo responsabilite pilòt la. Pasaje yo chita ap pale, li jounal, bwè bwason, gade nan fenèt yo oubyen dòmi. Pilòt yo menm kapab ap pale sou tan an oubyen sou politik.

Men, anvan vòl swa sa a, te gen anpil refleksyon ak anpil planifikasyon. Gen anpil bon regleman tou ki kontwole kouman pou fè yon avyon ak kouman pou pran swen li. Pilòt yo te oblije resevwa gwo ansèyman nan lekòl avyasyon. Yo pa t' ka jwenn lisans kòm pilòt toutotan yo pa t' te demontre anpil bagay devan anpil moun. Yo egzije pou yon moun ansante. Yo dwe bay bon jan rapò sou vòl avyon an. Se pa yon travay ki fèt alalejè.

Klas lekòl la fè nou panse sou avyon sa a. Nou jwenn anpil moman plezi ak kè poze, ri ak pale nan lekòl. Poutan dèyè tout sa gen lapriyè, planifikasyon ak refleksyon anpil moun.

Nan yon sans pwofesè a sanble ak yon pilòt, nan kèk lòt sans li pa sanble ak yon pilòt.

Li pa sanble ak yon pilòt nan sans ke lavi etidyan li yo pa sou kont li menm jan. Anpil lòt moun ede pran swen etidyan li yo tou. Anreyalite, lòt, tankou paran, pote plis responsabilite pase li. Timoun yo poukont yo dirije lavi yo nan yon sans. Si pwofesè yo fè erè, etidyan kapab pran desizyon pa yo ki korije erè li yo.

Men, pwofesè a tankou yon pilòt nan sans ke li pote responsabilite pou moun. Anreyalite, li pote plis pase responsabilite yon pilòt nan kèk fason paske li chache byennèt mantal, emosyonèl, sosyal e espiyèl lavi lòt, e se pa sèlman pou yon ti tan tankou nan yon vòl avyon.

Òdinèman yon pwofesè pa dwe santi li akable ak responsabilite li. Li pa dwe pèdi kè poze ke li tèlman bezwen pou reyisi nan klas la. Men, nan tout sa, li dwe pran sa oserye etidyan yo konfyè nan men li.

Responsabilite pwofesè a pou byennèt mantal timoun yo dwe sètènman bagay ki pi enpòtan nan lespri chak moun. Pifò paran kapab anseye pitit yo

fòmasyon sosyal, prensip emosyonèl balanse, ak valè esprityèl san voye pitit yo lekòl. Men, anpil nan yo pa gen tan oubyen konesans espesyalize pou plen lespri timoun yo avèk enfòmasyon bagay òganize.

Nan pwen sa a, anyen pa kapab ranplase yon bon pwofesè. Paran kapab gen yon bon lide sou sa yo vle timoun yo aprann nan lekòl, e si pwofesè pa reyisi, yo kapab bay koutmen lakay. (Ki timoun ki pa janm jwenn èd lakay pou kèk devwa ?) Lidè legliz e manm komite, tou, kapab pataje enpe nan vizyon yo avèk pwofesè a e ba li kèk konsèy. Men finalman, pwofesè a dwe reyalize ke se li menm ki gen responsabilite a. Si li echwe nan anseye byen, etidyan li yo ap manke aprann kèk bagay.

Pwofesè a gen sou responsabilite li byennèt emosyonèl timoun yo. Sa mare pre avèk bagay akademik. Pandan kèk repete liy estim pèsònèl si popilè jodi a, nou vle kwè ke anyen pa kapab fè plis pou konfyans pèsònèl yo pase pou li konnen sou ki sa l'ap pale. « Lè yon moun gen bon konprann, sa fè kè l'kontan, tout pli nan fwon li disparèt » (Eklezyas 8 :1).

Menm si bay konesans enpòtan tankou bati konfyans, yon pwofesè pa dwe konprann ke li menm sèl kapab satisfè tout bezwen emosyonèl. Konsidere timoun inosan e kontan ki dekouvri ke lekòl pote yon seri esperyans ki kraze nanm. Petèt yo te kòmanse lekòl twò jenn e pa t' kapab satisfè egzijans chak jou. Oubyen yo senpleman pa gen ase pouvwa mantal pou kontinye avèk kourikouloum nan. Oubyen yo te gen yon pwoblèm fizik ki te andikape oubyen anbarase yo. Petèt yo te sòti nan yon fwaye diferan e santi yo imilye poutèt sa.

Kèkfwa yon pwofesè dwe bay plis konsiderasyon pou timoun konsa, ki ta petèt sanble fatige, enkyete oubyen twouble. Kèkfwa li kapab eseye « pwoteje » yon timoun ki gen move nòt. Nan sèten ka li kapab vle bay etidyan an yon nòt ankachèt olye anonse nòt li yo fò.

Natirèlman lavi gen kèk imilyasyon pou chak moun, nou pa bezwen fè twòp efò ki pa fè sans pou pa imilye timoun. Men, apre sa ankò, imilyasyon delibere se plis tankou yon zam ke yon zouti, e si nou vle byennèt emosyonèl pou etidyan an, nou va jeneralman sèvi ak zouti olye zam.

Anplis sa, yon ti lwanj kapab leve lespri. Menm jan tou, yon bon souri pwofesè a devan je yon etidyan, oubyen yon ti tan ou pran pou koute yon istwa se yon jès ankourajan. Pèsonn pa peye pwofesè a pou

fè sa, men se yon fason pou devlope konfyans avèk etidyan yo.

Pwofesè a dwe pran responsabilite pou byennèt sosyal timoun yo. Paran lite pou fè timoun gen politès e pale avèk respè, e yo p'ap kontan si yo dekouvri ke pitit yo dwe pase sis oubyen sèt èdtan nan lekòl la kote y'ap kapab mal chita, plenyen, fè bri ak pye yo e kreye move atmosfè.

Kèkfwa yon timoun vin objè rizib e ridikil, kit yo merite sa oubyen non. Kòm timoun nan nati yo gen tandans aji mal pafwa, sa kapab rive menm nan yon lekòl kretyen. Yon pwofesè dwe toujou siveye, e si li remake yon pwoblèm konsa, li dwe rezoud pwoblèm nan imedyatman. Li dwe moun k'ap souffri a sa. Li dwe paran yo sa, ki pa ta renmen pitit yo souffri akòz lòt timoun. Li dwe tout legliz la sa, legliz ki te konfyè timoun yo nan men li.

Yon pwofesè dwe pran chaj byennèt esprityèl timoun yo. Sa ale pi lwen pase peryòd devosyon, men peryòd devosyon an sètènman ladan. Ideyalman, yon pwofesè dwe planifye konvèsasyon devosyonèl li jistan li gen antouzyas pou li. Apre sa, li kapab mande tèt li menm si li satisfè fason peryòd devosyonèl la te mache. Si non, li kapab vle fè plis efò sou preparasyon devosyon pou yon lòt fwa. Pafwa poze plis kesyon pou fè etidyan yo reflechi kapab bay plis satisfaksyon nan finisman peryòd la.

Menm pi enpòtan, konfyans esprityèl siyifi pwofesè a dwe yon egzanp moun k'ap sèvi Bondye ke etidyan yo va wè e devni demen tou. Ou kapab sonje istwa ti gason Nouvo Angletè a ki (selon jan istwa rakonte) te gade avèk refleksyon Figi Gwo Wòch la jistan sanpanse li vin sanble avèk figi a li menm. Karaktè li te vin reflekte karaktè li te wè nan Figi Gwo Wòch la.

Se menm bagay ak timoun yo ak pwofesè a. Paran yo enfliyanse pitit yo plis pase pwofesè yo, e poutan anpil pwofesè se yon Figi Gwo Wòch pou timoun yo, san konnen li prete yo karaktè li pandan ke san konnen yo pran li nan yo menm. Yo aprann ri nan sa ki fè li ri, lapriyè jan li lapriyè,panse jan li pansè. Paran konnen tout sa, poutan chak jou yo fidèlman voye pitit yo lekòl pou gade pwofesè a tout jounen. Se fason yo fè pwofesè a konfyans. Se pou pwofesè a moman apre moman montre sentete li devan ti moun yo, pwouve li fidèl pou konfyans sa a.